**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—20.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:35 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक समृद्धि यात्राक चारिम चरणक आइ समाप्त भऽ गेल। यात्राक बिच मुख्यमंत्री गया जिला मे सात सय चौंतीस करोड़ टाकाक लागतिवला छओ सय तिरानवे परियोजनाक शिलान्यास आओर उद्‌घाटन कयलनि। गया मे आयोजित जनसंवाद कार्यक्रम मे ओ जनौलनि जे सरकार प्रदेशक विकास लेल सदिखन लागलि अछि। एहि मौका पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी सहित कतेको गणमान्य लोक सभ छलाह। ओतहि, मुख्यमंत्री औरंगाबाद मे छओ सय अड़सठि करोड़ टाकाक लागतिवला दू सय बासठि योजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि।

———————————————————————

उपमुख्यमंत्र सह राजस्व आओर भूमि सूधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा जनौलनि अछि जे आब हरेक पन्द्रह दिन मे भूमि संरक्षण काजक समीक्षा कयल जायत। ओ विभागीय अधिकारी सभक संग बैसार मे जनौलनि जे प्रतिदिनक हिसाब सँ काज निपटेबाक लेल लक्ष्य तय कयल जाय। श्री सिन्हा जनौलनि जे अखन धरि सड़सठि प्रतिशत सँ बेसी मौजाक ड्राफ्ट प्रकाशित भऽ चुकल अछि। जखनकि तैंतीस प्रतिशत सँ बेसीक अंतिम प्रकाशन सेहो पूरा कऽ लेल गेल अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय कृषि आओर किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान जनौलनि जे सरकार देशक कतेको भाग मे बे—मौसम बारिश आओर ओल—वृष्टि सँ फसलक भेल नोकसानक जायजा लेबाक लेल उपाय कऽ रहल अछि। आइ नव दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री चौहान जनौलनि जे अधिकारी सभ सँ नोकसानक शीघ्रहि आकलन करबाक लेल राज्य सरकारक संग संपर्क सधबाक लेल जनाओल गेल अछि। श्री चौहान जनौलनि जे पश्चिमी विक्षोभ के देखैत सरकार स्थिति पर नजरि रखने अछि। ओ जनौलनि जे बढ़िया उपजा सँ बाजार मे निक दाम भेट सकैत अछि आओर किसान सभ के एमएसपी सँ बेसी लाभ सेहो भेंटि सकैत अछि।

———————————————————————

केन्द्र सरकार जनौलक अछि जे देश मे घरेलू एलपीजीक पर्याप्त स्टॉक अछि। पेट्रोलियम आओर प्राकृतिक गैस मंत्रालयक संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा नव दिल्ली मे पत्रकार सभ सँ जनौलनि जे पछिला एक सप्ताह मे उपभोक्ता सभ के एगारह हजार तीन सय टन व्यवसायिक एलपीजी देल गेल अछि।

———————————————————————————

एम्हर, राज्य मे एलपीजीक अवैध भंडारण आओर काजाबाजारीक मामिला मे अठारह प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि आओर चारि सय बहत्तरि सिलिंडर जब्तक संग–संग कालाबाजारी करयवला लोक सभ पर कानूनी कार्रवाई कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

राज्य स्वास्थ्य समितिक कार्यपालक निदेशक अमित कुमार पांडेय जनौलनि अछि जे प्रदेशक सभ अनुमंडलीय अस्पताल मे डायलिसिस सेंटरक स्थापना अगिला तीन मास मे कऽ देल जायत। ओ जनौलनि जे एहि सँ किडनी मरीज सभ के बढ़िया स्वास्थ्य सुविधा भेट सकत।

———————————————————————————

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी केन्द्र आओर राज्य सरकारक योजनाक जनतब आम लोक धरि पहुंचेबाक लेल पार्टी प्रवक्ता सभ के जनौलनि अछि। ओ पटना मे भाजपाक मीडिया विभाग आओर प्रवक्ता सभक बैसार के संबोधित करैत जनौलनि जे मीडिया विभाग पार्टीक काज, सिद्धांत आओर उपलब्धि के जन–जन धरि पहुंचाबयवला माध्यम अछि। श्री सरावगी जनौलनि जे एनडीएक घटक दलक बिच वैचारिक आओर नीतिगत समन्वय बनाओल राखय मे प्रवक्ता सभक पैघ भूमिका होयत छनि।

———————————————————————————

प्रदेश मे मौसम तेज गति सँ बदलि रहल अछि। हमर संवाददाताक अनुसार दरभंगा, सीतामढ़ी, पूर्वी चंपारण सहित कतेको जिला में अन्हर–बिहारिक संग बरखा भेल अदि। कतेको ठाम पाथर सेहो खसल अछि। मौसम विभाग जनौलनि अछि जे आइ मधुबनी, समस्तीपुर, सारण, वैशाली जिला मे बारिशक सेहो चलि सकैत अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे ईद, चैती नवरात्र, चैती छठ, रामनवमी आओर बिहार दिवस के लऽकऽ उत्सवक माहौल अछि। बाजार मे चहल–पहल देखल जा रहल अछि। पावनिक माहौल के शांतिपूर्ण बनाओल रखबाक लेल जिला प्रशासन सभ सुरक्षाक कड़गर प्रबंध कयलक अछि। कतेको ठाम दंडाधिकारी आ पुलिस बलक तैनाती करबाक लेल जनाओल गेल अछि। संगहि, सोशल मीडिया पर अफवाह पसरबाबय वला सभ पर निगरानी कयल जा रहल अछि। सरकार कोनो आपात स्थिति सँ निपटबाक लेल क्विक रिस्पांस टीम बनौलक अछि।

———————————————————————————

आइ विश्व गोरैया–बगड़ा दिवस अछि। ई दिवसक उद्देश्य गोरैयाक घटैत संख्या के बढ़ेबाक लेल जागरूक आओर संरक्षणक प्रयास के बढ़ावा देबय अछि। गोरैया दिवसक मौका पर प्रदेश मे कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार अपन संदेश मे जनौलनि अछि जे बिहारवासी सभ के अपन राजकीय पंछीक संरक्षण लेल लगबाक होयत।

———————————————————————————

अररिया व्यवहार न्यायालयक अदालत शराब तस्करीक दोषी एक व्यक्ति के पाँच बरखक कारावासक संग–संग एक लाख टाकाक अर्थदंड लगौलक अछि।

———————————————————————————

पश्चिम चंपारणक पुलिस अधीक्षक शौर्य सुमन जनौलनि जे बेतिया थाना क्षेत्र मे चोरिक चौबीस टन चाउरक संग दू लोक के गिरफ्तार कयल गेल अछि।

———————————————————————————

विश्व यक्ष्मा दिवसक मौका पर सीतामढ़ीक सिविल सर्जन डॉक्टर अखिलेश कुमार सदर अस्पताल सँ यक्ष्मा जागरूकता रैली के हरीयर झंडा देखाकऽ रवाना कयलनि।

———————————————————————————

समाप्त भेल